



**MALDEN PUBLIC SCHOOLS**  
110 Pleasant Street, Malden, MA 02148  
Phone: 781-397-6100 Fax: 781-397-7276  
[www.maldenps.org](http://www.maldenps.org)

**Ligia Noriega-Murphy**  
Superintendent of Schools

---

Dat: 9/1/2021

Chè fanmi,

Mèsi paske ou kontinye ap sipòte nou pandan nap kòmanse ane lekòl 2021-2022 a. Nan Malden Public Schools, kenbe elèv ou yo ansekirite ak nan lekòl la se premye priyorite nou. Nou te aprann anpil pandan ane ki sot pase a e pwosedi ak gid aktyèl nou an montre dènye rekòmandasyon yo ki soti nan CDC ak Depatman Sante Piblik Massachusetts.

Pou ane lekòl 2021-22, nap ofri yon kouch pwoteksyon siplemantè pou anpeche pwopagasyon COVID-19, pwogram tès COVID-19 nan lekòl. Pwogram sa a gen twa konpozant: tès pou elèv ki montre sentòm COVID-19 nan lekòl, verifikasyon sou tès sekirite woutin COVID pou anpeche pwopagasyon viris la ki pa detekte pami elèv yo ki pa montre sentòm, epi teste ak rete pou elèv yo ki te kapab ekspozè pandan li nan lekòl men ki pa montre sentòm. Chak ladan yo se yon echantiyon krache OSWA, nasal swab [prelèvman aplikatè nan nen non-envaziv] ke yo kolekte anba sipèvizyon yon enfimyè lekòl oswa pwofesyonèl sante ki fòm. Kontrèman avèk tès COVID-19 nan tan pase, sila yo pa konfòtab ak fasil pou elèv yo fè poukont yo.

Elèv yo patisipe sèlman avèk pèmasyon yon paran oswa gadyen. Li enpòtan pou Malden Public Schools ke ou plènman enfòm osijè pwosesis epi nou kapab reponn nenpòt kesyon ou kapab genyen alavans pou mande w pou siyen fòm konsantman an. Anba nou dekri chak nan twa pati pwogram tès nou an, kijan yo fèt, ak poukisa yo itilize yo.

Tès pou elèv ki gen sentòm itilize lè yon elèv ap montre sentòm COVID-19 pandan lekòl; elèv yo pa ta dwe ale lekòl si yo santi yo malad pandan yo lakay. Gen kèk nan sentòm viris la ki sanble avèk lòt maladi tankou rim ak grip, epi sa enfòm nou si yon elèv gen sentòm COVID-19 oswa non. Sa a se yon tès rapid, e nou resevwa rezilta tès la nan 15 minit. Si yon elèv pa gen anpil sentòm epi teste negatif, yo ka rete nan lekòl.

Kontwòl sekirite woutin COVID diminye deranjman ansèyman nan ede nou detekte pwopagasyon viris la anvan li kòmanse. Chak elèv fè kontwòl la sou yon baz chak semèn. Yo kolekte echantiyon yo nan lekòl la nan gwoup 5-10 moun. Echantiyon yo gwoupe ansanm nan lekòl. Depi echantiyon yo ale nan laboratwa, tout echantiyon yo nan gwoup la teste pou COVID-19 ansanm. Nan preske tout ka yo, li pral pran preske 24 èdtan pou resevwa rezilta tès pou

kontwòl sekirite a. Elèv yo ka kontinye vini lekòl la pandan yap rete tann rezilta sou kontwòl sekirite; yo pa bezwen karantèn pandan yap rete tan rezilta. Si yon tes sou kontwòl sekirite pozitif, laboratwa a pral trete otomatikman chak echantyon endividyèl pou detèmine ki elèv(yo) nan gwoup la te pwodui tès pozitif la.

Teste ak rete pèmèt elèv yo ki te gen kontak pwòch avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan li lekòl pou rete lekòl la si elèv la pa montre sentòm. Olye yo bezwen pou rete an karantèn ak pèdi jou lekòl, elèv sa yo pral pran yon tès rapid chak jou yo rete lekòl depi yo pa gen sentòm. Elèv yo ki patisipe nan teste ak rete pou omwen senk jou apre yo fin ekspoze.

Si yon elèv teste pozitif pou COVID-19, yo dwe karantèn nan kay la pou rekòmandasyon dis jou - CDC depi sentòm yo te parèt oswa dis jou depi tès pozitif la anvan li retounen lekòl la. Elèv la pa dwe gen lafyèv pou 24 èdtan.

Byenke elèv ki vaksinen yo gen mwens chans pou pwopaje oswa kontrakte viris la, li enpòtan pou nou kreye yon anviwonman enkliziv pou alafwa elèv ki vaksinen oswa ki pa vaksinen.

Pou patisipe nan pwogram lan, ou dwe siyen fòm konsantman sa a nan non elèv ou an. Pa gen frè pou patisipe. Pou aprann plis sou pwogram tès COVID-19 nou an, tanpri vizite <https://www.cic-health.com/consent/ma> [yen pou sit entènèt ki enpòtan]. Si ou gen lòt kesyon osijè pwogram lan, tanpri kontakte Patti Tramondozzi, Director of Nursing [ptramondozzi@maldenps.org](mailto:ptramondozzi@maldenps.org) 781-397-6106

Nou espere ke mezi sa yo pral travay ansanm pou kenbe lekòl nou yo ansekirite ansanm avèk elèv ou an nan lekòl la. Mèsi ankò pou sipò w pandan moman difisil sa a. Nap rete tann pou n akeyi elèv ou yo nan salklas la.

Kòdyalman,



Dr. Ligia Noriega-Murphy